



## AVI POLITIK

**Tit Politik la:** Retrè Demann BRC ki Abandone oswa Enkonplè (2025)

**Nimewo Politik la:** BRC-25-01

**Dat Piblikasyon an:** 5/3/2025

**Dat li Efektif:** 5/3/2025

**Lyen Politik la:** <https://www.mass.gov/doc/eecbrc-25-01abandoned-or-incomplete-brc-requestpolicymar25haitian-creole/download>

## APÈSI

Depatman Edikasyon ak Swen Bonè a (EEC) etabli politik sa a konsènan retrè demann verifikasyon dosye pase ki abandone oswa enkonplè (BRC) nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC a pou asire lis aplikan BRC ki annatant yo ajou.

Kounye a, pwogram yo pa gen kapasite pou anile oswa retire yon demann BRC yon fwa yo soumèt li nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC a. Anplwaye BRC yo pa ka kontinye pwosesis BRC a pou kandida ki pa fè anprent yo, kidonk BRC sa yo vin demann ki abandone oswa enkonplè nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC a.

Politik sa a ap amande pou gen ladann kounye a TOUT kandida yo (Nouvo, Renouvèlman ak Resoumisyon) avèk demann BRC:

- ki gen plis pase karant-senk (45) jou, epi
- kote kandida a pa t pwograme yon randevou anprent oswa bay anprent.

## APLIKABILITE

Tout pwogram ki gen lisans, finansman ak afilyasyon.

## MIZAJOU KLE

- Politik Retrè Demann BRC 2024 ki abandone oswa enkonplè yo aplike sèlman pou nouvo kandida nan sistèm Navigatè BRC a. Mizajou sa a amande politik la pou enkli kandida ki déjà ap travay nan pwogram yo.
- Pwogram ekstèn yo dwe fè konnen kandida ki aktyèlman egziste yo pral anile kounye a tou. Kandida sa yo pral bezwen rekòmanse pwosesis verifikasyon dosye pase yo si

yo vle kontinye pwoesisis anbochaj la epi swiv règleman EEC yo konsènan verifikasyon dosye pase ki ekspire.

## OBOSOLÈT (pa sèvi ankò)

Retrè Demann BRC ki Abandone oswa Enkonplè (2024).

## KESYON YO POZE SOUVAN

### 1. Ki sa retrè yon demann BRC vle di? Èske yo fè yon detèminasyon aptitud?

Yo pa fè okenn detèminasyon aptitud lè yo retire yon demann BRC pou rezon ki endike nan politik sa a. Yo retire demann BRC a tou senpleman nan onglè Aplikan Pòtay Pwogram Navigatè BRC a.

### 2. Èske yo pral retire demann BRC pou renouvèlman ak aplikasyon pou reouvèti?

Wi, politik revize a kounye a gen ladan tout anplwaye ki deja egziste ansanm ak tout nouvo kandida.

### 3. E si yon kandida te gen pwoblèm pou fè anprent (egzanp, pwoblèm avèk IdentoGO)?

Si yon kandida gen yon randevou anprent ki pwogramme nan yon dat alavni, yo p ap retire demann BRC li a. Si yon kandida kounye a gen difikilte pou yo pran anprent li, li ta dwe rele Sant Kontak EEC a nan 617-988-7841.

### 4. Kisa k ap pase si yon kandida ki gen yon BRC ki retire toujou enterese a travay?

Siyon kandida vle kontinye pwoesisis BRC a apre yo fin retire demann abandone oswa enkonplè li a, li ka fè sa nan soumèt yon nouvo demann BRC. Pwogram yo pral bezwen jwenn yon nouvo fòmilè konsantman siyen nan men kandida yo vle re-entegre a. Non kandida a dwe antre egzakteman jan li parèt sou pyès idantifikasiyon ki gen foto li a.

Kandida a pral bezwen antre nan youn nan bagay sa yo:

- Pòtay Pwogram Navigatè BRC a (konsidere kòm yon nouvo Soumisyon pou pwogram li a)
- Pòtay LEAD (si se yon aplikan pou Swen Timoun nan Fami oswa moun ki gen lisans pou pwogram nan)